

Ede Konstwi Yob Bèl Avni pou Elèv yo.

Chè Paran oswa Gadyen,

Byenveni nan Verizon Innovative Learning, yon inisyativ ki mete teknoloji nan men elèv yo, transfòmè lekòl yo an anviwònman aprantisaj eksitan e enteresan. Misyon nou se kontribye nan bay plizyè milyon elèv edikasyon yo merite a, pou yo ka gen yon pi bon avni.

Kisa Verizon Innovative Learning nan ye?

Gen plizyè milyon elèv nan tout peyi a ki pa gen aksè a teknoloji e konpetans yo bezwen pou yo reyisi nan mond dijital la Depi 2012. Verizon ap travay pou ede rezoud pwoblèm sa a atravè yon pwogram transfòmasyon ki rele Verizon Innovative Learning. Li se yon eleman kle nan Citizen Verizon, plan antrepriz ki responsab konpayi a sou plan avansman ekonomik, anviwònman, ak sosyal.

Verizon Innovative Learning bay teknoloji gratis, aksè a entènèt gratis ak eksperyans aprantisaj pratik pou I ka asire I tout moun ka eksplwate avantaj teknoloji yo. Gras a kolaborasyon nou ak Digital Promise, yon òganizasyon nasyonal premye plan nan domèn teknoloji edikatif ki pa gen objektif pou fè pwofi, nou bay chak elèv e chak pwofesè nan kèk lekòl segondè nan peyi a yon aparèy ak yon plan entènèt ki ka rive jiska 4 ane; epi bay elèv ki pa gen entènèt lakay yo, yon ti modèm wifi anplis de aksè a teknoloji gratis la. Lekòl k ap patisipe nan Verizon Innovative Learning yo ap benefisye de fòmasyon apwofondi pou pwofesè yo, sipò epi posibilite pou antre nan pwogram imèsif inik pou yo ka peofite de teknoloji a nan sal klas yo.

Kijan pitit mwen an ka benefisye sa?

Verizon Innovative Learning gen enpak nan lekòl mwayen ak segondè yo nan tout peyi a; Gras a inisyativ sa a, 92% pwofesè yo di pwogram nan te ede yo prepare yo pou anseye a distans, alòske 84% deklare li ranfòse angajman elèv yo; 54% elèv yo rapòte yo amelyore konfyans yo nan bagay yo te gentan konn fè deja

Nan non Verizon Innovative Learning ak Digital Promise nou vle di w mèsi pou

ou ban nou opòtinite pou nou travay ak pwofesè ki nan kominote w la



Rose Stuckey Kirk
Chèf Responsablite Sosyal Antrepriz yo
Ofisye ak Prezidan

verizon[✓]

Digital
Promise[®]

Anèks C
AKÒ PATISIPASYON ELÈV MINÈ AN TAN KE ITILIZATÈ FINAL

AKÒ PATISIPASYON ITILIZATÈ FINAL PATISIPAN MINÈ sa a ("Kontra" a), ki antre an vigè nan dat ki imansyone anba a ("Dat antre an vigè") ki pase ant **[Sant Nasyonal Rechèch sou Teknoloji Dijital ak Enfòmasyon Avanse] National Center for Research in Advanced Information and Digital Technologies d/b/a Digital**

Promise ("Benefisyè" a) ak _____ (paran oswa gadyen minè k ap patisipe nan pwogram Verizon Innovative Learning Schools la ("Patisipan Minè" a), yap rele "Itilizatè Final la" oswa "ou menm" oswa "pa w") kolektivman yo pale de yo nan dokiman sa a an tan ke "Pati yo."

Depi w siyen, ou rekonèt epi w aksepte bagay sa yo:

OBJEKTIF

1. Patisipan Minè a ap resevwa yon aparèy san fil ak sèvis gratis pou fasilite patisipasyon li nan pwogram Verizon Innovative Learning Schools la. Aparèy san fil ak sèvis la se Verizon Wireless ki ofri e yo bay Patisipan Minè yo li pa Benefisyè a selon tèm ak kondisyon ki nan Akò sa a. Verizon Wireless ka mete fen a Akò sa a nenpòt ki lè e pou kèlkeswa rezon an. Akò sa a valab apati de dat paran/gadyen an siyen li an jiskaske Patisipan minè a pa p patisipe nan pwogram nan.

SÈVIS AK APARÈY SAN FIL

2. Aparèy san fil la se pou sèlman Patisipan Minè a itilize, sèlman nan kad pwogram nan, epi yo pa ka vann oswa transfere li bay okenn lòt moun oswa antite. Verizon Wireless ap bay sèvis vwa ak/oswa done sèlman pou fasilite patisipasyon nan pwogram nan; men, si Patisipan Minè a itilize yo twòp, nan fè apèl entènasyonal/voye mesaj tèks ak aparèy san fil la, difize odyo oswa videyo ki pa gen rapò a pwogram nan, oswa jdifize jwèt, yo kapab limite, ralanti oswa sispann sèvis la san avètisman. Nan fen patisipasyon Patisipan Minè a nan etid la, Verizon Wireless ap sispann sèvis san fil la sou aparèy la epi ou dakò pou retounen aparèy la bay Benefisyè a.

TRETMAN ENFÒMASYON KI GEN RAPÒ A ITILIZASYON APARÈY LA AK SÈVIS YO

3. Enfòmasyon sou jan Patisipan Minè a ap itilize aparèy san fil la ak sèvis la tankou detay sou lè li te itilize sèvis done yo, lè li fè apèl e kiyès li rele, san yo pa limite a sa yo sèlman, se enfòmasyon Benefisyè a, an tan ke kliyan ofisyèl aparèy la ak sèvis la. Se poutèt sa, yo ka aksede a enfòmasyon sa yo e pataje yo ak Benefisyè a, lòt pati Benefisyè a otorize yo, tankou VCRG. VCRG pa p ale nan enfòmasyon oswa kontni ki ka idantifye yon moun pèsonèlman.

MANKMAN AK/OSWA ENTÈRIPSYON SÈVIS YO

4. Cellco Partnership d/b/a Verizon Wireless ("Verizon Wireless") oswa vandè ak founisè li yo pap responsab sou kèlkeswa fòm nan si gen pèt, reklamasyon oswa domaj itilizatè final la pou kèlkeswa koz la, enkli domaj dirèk, endirèk, espesyal, konsekitif, triple oswa pinitif, oswa pou limitasyon sèvis yo, enkli sispann sèvis yo bay yo selon akò a, kèlkeswa fòm aksyon an, ke li se sou kontra, sivil oswa kèlkeswa nati li genyen an, san li pa limite a sa yo sèlman. Pami limitasyon sa yo gen pèt, domaj, reklamasyon oswa depans de kèlkeswa nati a pou itilize oswa tante itilize sèvis yo, si w gen difikilte pou aksede a sistèm oswa aparèy mentnans an vi oswa siveyans, sèvis 911 oswa E911 oswa lòt sèvis oswa apèl dijans. Yo pa p konsidere w kòm benefisyè endepandan de kèlkeswa kontra ki pase ant Benefisyè a ak Verizon Wireless.

ABITRAJ

5. UTILIZATÈ FINAL LA DAKÒ KE, NAN LIMIT LA LWA PREVWA:

(i) TOUT KONTESTASYON OSWA REKLAMASYON K AP FÈT AKOZ DE AKÒ SA A, OSWA KI GEN RAPÒ A NENPÒT APARÈY OSWA SÈVIS YO OFRI NAN KAD PWOGRAM NAN OSWA KI AN RAPÒ AVÈK AKÒ SA A, Y AP REGLE LI PA YON ABITRAJ ENDEPANDAN K AP GEN YON ABIT NET, KI PA NAN PATIPRI, EPI SE ASOSYASYON ABITRAJ AMERIKEN ("AAA") K AP ADMINISTRE LI SELON RÈGLEMEN WIRELESS INDUSTRY ARBITRATION (« WIA »), YO, JAN SA MODIFYE NAN AKÒ SA A. Règleman WIA yo ak enfòmasyon sou frè yo disponib sou sit AAA nan www.adr.org. **ABITRAJ LA PA YON PWOSEDI JIDISYÈ. RÈGLEMEN ABITRAJ YO PA MENM AK RÈGLEMEN TRIBINAL YO. PA GEN JIJ OSWA MANM JIRI NAN PWOSESIS ABITRAJ LA.** ATIK SOU ABITRAJ SA A AP APLIKE POU TOUT REKLAMASYON UTILIZATÈ FINAL LA TA VLE FÈ KONT BENEFISYÈ A OSWA KONT VERIZON WIRELESS E TOUT REKLAMASYON BENEFISYÈ A TA VLE FÈ KONT UTILIZATÈ FINAL LA. VERIZON WIRELESS SE YON BENEFISYÈ ENDEPANDAN AKÒ SA A NAN OBJEKTIF SA A.

(ii) Lwa Federal sou Abitraj la aplike nan kad Akò sa a. **MENM SI LWA KI APLIKAB YO OTORIZE REKOU KOLEKTIF OSWA ABITRAJ KOLEKTIF, UTILIZATÈ FINAL LA RENONSE A TOUT DWA LI GENYEN POU POU SWIV SOU BAZ YON GWROUP TOUT POLEMIK OSWA REKLAMASYON KONT BENEFISYÈ A OSWA KONT VERIZON WIRELESS, OSWA YOUN NAN KONPAYI KI AFILYE AVÈK LI OSWA MOUN KI GEN ENTERÈ YO NAN LI YO.** Si yo prezante plizyè demand nan yon aksyon, kote genyen ladan yo ki pa elijib pou abitraj, yo dwe sispann demann sa yo jiskaske yo fin rezoud tout lòt demand yo te soumèt pou abitraj yo nan aksyon sa a. Si yo fè reklamasyon yo kont plizyè pati kote genyen ladan yo ki pa elijib pou abitraj, yo dwe separe reklamasyon yo soumèt pou abitraj yo; men, itilizatè final la ap konsève dwa li genyen pou depoze plent nan nenpòt ajans oswa komisyon règlemantasyon.

(iii) Okenn abit pa ka bay yon reparasyon ki siperyè a sa ki prevwa nan Akò sa a, ni òdone yon konsolidasyon oswa yon abitraj kolektif; amwenske se yon abit k ap tranche sou yon reklamasyon ki gen rapò ak yon akò oswa se yon akò ki te genyen anvan, ki kapab akòde yon repatisyon sibtransyèl sou yon baz non kolektif depi akò anvan sa a te otorize sa. Nan tout abitraj yo, abit la dwe respekte delè preskripsyon aplikab yo epi deside si yon pwoblèm kalifye pou abitraj oswa non. Nan ka yon abitraj enpòtan/konplike, abit yo dwe aplike Règ Federal nan kesyon Prèv yo tou epi pati ki pèdi a ka mande pou yon gwoup revizyon ki konpoze de twa (3) abit analize santans lan.

Paran oswa Gadyen	Digital Promise :
Siyen la :	Siyen la :
Non An Lèt Detache:	Non An Lèt Detache: Kathryn Petrillo-Smith
Adrès:	Adrès: 1001 Connecticut Ave NW, #935 Washington, DC 20036
Dat:	Dat:
Non elèv patisipan an:	

Non Elèv la: _____ Non Paran/Gadyen: _____

Lis Verifikasyon pou Paran/Gadyen ak Elèv la

Tannpri, mete inisyal non w bò chak liy anba a pou w konfime ou konprann e ou dakò:

Inisyal

P/G	Mwen konprann ke mwen bezwen kontwole jan m ap itilize done yo pou m pa depase 30 GB pa mwa, epi mwen dwe voye odyo ak videyo ki gen rapò ak pwogram nan sèlman, epi mwen pa gen dwa jwe jwèt.
E	
P/G	Mwen dakò pou mwen pa telechaje okenn aplikasyon y ap fè m peye pou yo oswa aplikasyon achte, eksepte sa lekòl mwen an bay yo.
E	
P/G	Mwen dakò pou pa itilize pataj entènèt aparèy la ni pou m pa pèmèt lòt aparèy konekte sou entènèt pèsònèl aparèy la.
E	
P/G	Mwen dakò pou m pa retire materyèl (kat SIM nan pa egzans) oswa lojisyèl aparèy la san otorizasyon VCRG oswa otorizasyon Verizon Wireless.
E	
P/G	Mwen dakò pou m itilize aparèy yo ban mwen an sèlman nan 50 eta Etazini yo.
E	
P/G	Si aparèy san fil yo ban mwen an domaje, pèdi oswa yo vòlè li, mwen dakò pou m siyale Responsab Distri a sa touswit.
E	
P/G	Mwen konprann si aparèy mwen an vin paka sèvi akòz yon defo fabrik, m ap retounen li lekòl la epi chanje l pou yon lòt ki ap fonksyone. Mwen konprann si mwen resevwa yon aparèy epi li pèdi, yo vòlè li oswa li domaje, menm si se ekran an ki kraze, sa ka rive yo limite mwen pou m itilize aparèy la selon pwosedi lekòl la.
E	
P/G	Mwen konprann ke Digital Promise, Verizon Wireless oswa VCRG ka sispann sèvis la tanporèman oswa definitivman nenpòt ki lè epi san avètisman.
E	
P/G	Mwen dakò pou m janti ak pridan nan entèraksyon mwen sou entènèt la ak lpot moun epi mwen dwe pran swen aparèy yo ban mwen an.
S	

Mwen konprann si mwen vyole nenpòt nan kondisyon sa yo, yo ka mande m remèt direktè a aparèy yo te ban mwen an , epi l ap retounen l bay Responsab Distri a.

Paran/Gadyen

Dat

Elèv

Dat



Kominike Jeneral

Mwen bay Verizon Licensing Company, konpayi afilye li yo, siksesè li yo, moun ki gen dwa ladan l yo ak lisansye li yo ("Verizon") dwa sa yo:

1. Mwen bay Verizon dwa pou pran foto ak videyo mwen, imaj mwen ak resanblans mwen epi pou l anrejistreman oswa pran vwa mwen pou temwayaj ak lòt deklarasyon ("Foto").
2. Mwen bay Verizon dwa tou pou edite ak itilize Foto a nenpòt ki lè e nenpòt jan li vle tou, pou nenpòt ki rezon, e nan nenpòt ki fason tankou pou fè piblisite ak pou fè pwomosyon nan jounal ekri, nan videyo, nan televizyon, radyo oswa nan nenpòt lòt medya, elektwonik oswa nenpòt lòt tankou sou sit wèb ak sou entènèt, epi itilize son mwen anrejistre oswa vwa mwen nan kad itilizasyon Foto a.
3. Mwen renonse a tout dwa mwen genyen pou enspekte oswa apwouve Foto a oswa fason yo itilize li a epi mwen renonse tou a tout reklamasyon mwen ka genyen parapò a jan yo itilize li.
4. Mwen rekonèt mwen pa p benefisye anyen ke piblisite a mwen ka jwenn parapò a Foto a y ap itilize a.
5. Mwen dechaje e libere Verizon ak administratè, dirijan, ajan, anplwaye, aksyonè ak reprezantan li yo pou tout tan gen tan de tout responsabilite si gen vyolasyon dwa pèsonèl (tankou dwa a privasite ak dwa piblisite), dwa pwopriyete entèlektiyèl oswa nenpòt dwa mwen ta ka genyen paske Verizon itilize foto a oswa ki gen rapò ak Foto a.
6. Mwen deklare e mwen bay garanti ke mwen gen laj majè epi mwen gen tout dwa pou fè kontra sou non mwen sou sijè sa a. Akò sa a lye mwen, eritye mwen yo, reprezantan legal mwen yo ak siksesè mwen yo.

Mwen dakò e mwen bay konsantman mwen:

Siyati

Dat

Non An Lèt Detache

Adrès Postal

Si se yon minè: Mwen se (paran/gadyen legal) minè yo deziyen an. Mwen dakò e mwen bay konsantman mwen pou sa ki di pi wo a nan non minè a e mwen asosye mwen pèsonèlman a garanti ak deklarasyon ki mansyone pi wo yo. **Mwen** aksepte dedomaje Verizon e dechaje li de tout responsabilite si ta gen reklamasyon minè poutèt Verizon itilize Foto a jan sa dekri anwo a.

Siyati

Dat

Non An Lèt Detache

Adrès Postal



Fòmilè pou Prete Aparèy Mobil

Pou ane akademik 2024-2025 lan, y ap prete elèv ki nan Distri Eskolè Hudson City yo aparèy mobil distri a (Chromebook, iPad, hotspot, elatriye) selon klas y ap fè a ak pwogram nan. Yo dwe itilize aparèy sa yo sèlman kòm zouti aprantisaj nan lè kou ak deyò lekòl la. Menm si distri a aksepte prete elèv ou a aparèy sa a, li esansyèl pou konsiy sa yo respekte pou yo ka garanti aparèy yo prete a (yo) ap byen fonksyone efikasman. Tanpri gade Règleman 5300 Kòd Konduit Elèv la — Seksyon 5300.30 Konpòtman elèv ki entèdi, Lèt A, #7, Lèt D, #6, ak Lèt I nan paj 15 a 18. *(Tanpri gadel epi siyen tou lè de bò dokiman an.)*

- M ap sipèvize jan pitit mwen an ap itilize aparèy la (yo) nan kay la.
- M ap diskite sou atant mwen konsènan itilizasyon Entènèt la lakay la.
- M ap sipèvize jan pitit mwen an ap itilize entènèt la.
- Mwen pa p eseye repare Chromebook la, ni mwen pa p netwaye li ak okenn lòt bagay sei se pa yon twal swa ki sèk.
- Mwen pa p mete oswa elimine okenn lojisyèl sou Chromebook la.
- Mwen dakò pou m retounen aparèy la lekòl lè yo mande l epi/oswa lè elèv mwen an kite lekòl la, si yo transfere l oswa si l gradye nan Distri Eskolè Hudson City.
- Mwen konprann epi mwen dakò ke ekipman sa a se pou Distri Eskolè Hudson City li ye, men yo prete elèv mwen an li pou rezon edikatif. Aparèy la gen yon idantifikasyon sou li ki di se pou HCSD li y, idantifikasyon sa a **pa dwe falsifye, retire oswa modifye** sou okenn fason. Yo distribye e anrejistre aparèy sa yo bay chak elèv endividyèlman, menm jan ak yon liv lekòl la oswa yon mayo espò, mwen responsab pou m remèt aparèy la ak tout chajè li nan lè ak dat lekòl la di pou remèt li a.
- Mwen konprann, menm si yo espere aparèy la ap gen mak itilizasyon nòm, li dwe retounen an bon eta, ap fonksyone, san li pa kraze, san l pa manke pyès ni gen pyès ki manke, elatriye. Mwen konprann si yo fè espè yo domaje aparèy la, yo vòlè l oswa li pèdi, e li pa gen okenn pwoteksyon, **mwen** responsab pou m peye repare l oswa ranplase l menm jan pou tout lòt byen distri a yo bay elèv mwen an nan kad etid li (mayo, liv bibliyotèk la, elatriye).

Pri Ranplasman 2024-2025:

iPad \$250	Chajè iPad \$20
Chromebook CTL \$399 Chromebook Dell \$250	Chajè Chromebook \$20
Klavye Chromebook \$17.95	Kouvèti Devan Chromebook \$24.95
Kouvèti Do Chromebook \$18.95	Hotspot (modèm wifi) \$40
Chajè Hotspot \$20	Fouwo Pwoteksyon Hotspot \$10
Fouwo Pwoteksyon pou Chromebook \$25	Ekran Chromebook \$100

- **Mwen** konprann mwen pa dwe kole etikèt oswa tep sou aparèy la ni sou fouwo pwoteksyon an, e mwen dakò ak sa. Mwen **konprann yo konsidere ekri, fè desen oswa pentire aparèy la ak fouwo pwoteksyon an kòm zak vagabondaj**. Yo ka fè w peye pou ranplase l e menm pran sanksyon kont ou si etikèt yo, tep yoekriti yo, desen yo oswa penti yo paka soti.

Fòmilè pou Prete Materyèl Mobil pou 24-25
Paj Siyati

- Mwen konprann prensipal objektif aparèy la se edikasyon. Pou yo konfòme yo a règleman federal (CIPA ak COPPA) yo, yo konfigirasyon kèk règleman ak restriksyon sou aparèy la pou ka jere e kontwole li. Pami règleman ak restriksyon sa yo, se filtè sekirite wèb y ap mete sou aparèy la k ap fè elèv yo paka ale sou sit entènèt ki pa gen rapò a edikasyon, tankou rezo sosyo yo pa egzanp.
- Mwen dakò pou mwen konfòme m politik #4526-E Konsèy Pedagojik HCSD a (Politik Itilizasyon Akseptab Rezo Enfòmatis) la konsènan itilizasyon apwopriye resous enfòmatis distri a, epi mwen dakò a tout responsabilite paran yo mansyone nan dokiman sa a tou,
- Mwen konprann li **obligatwa pou Chromebook la rete nan fouwo proteksyon distri a bay la.**

Mwen li, mwen konprann, epi mwen dakò pou respekte dispozisyon ki nan fòmilè pou Prete Aparèy Mobil 2024-2025 pou prete yon Aparèy Mobil ak/oswa modèm wifi distri a.

Non Elèv _____ Klas: _____
Siyati Elèv: _____
Non Paran: _____
Siyati Paran: _____
Dat: _____

For Office Use Only

Chromebook	Hotspot
Chromebook Serial/Service Tag:	Hotspot Name/Number:
Chromebook Asset Tag:	Hotspot IMEI:
Charger #:	Hotspot Asset Tag:

Fòmilè Otorizasyon Paran/Akò sou Politik Itilizasyon Akseptab Elèv la

Tanpri ranpli TOUT SEKSYON yo epi retounen fòmilè sa a nan direksyon lekòl la.

Depi w siyen fòmilè otorizasyon an, Distri Eskolè Hudson City, anplwaye li yo ak/oswa nenpòt enstitisyon ki afilye ak li ap libere de tout reklamasyon kèlkeswa nati a ki ta kapab genyen poutèt itilizasyon oswa paske yon elèv paka itilize òdinatè ak rezo nou yo, ki gen ladan yo, reklamasyon ki fèt paske yo itilize sistèm nan san otorizasyon pou achte pwodui oswa sèvis.

Non Elèv la _____ Klas: _____
 Lekòl: _____ Pwofesè _____

Tanpri antoure WI oswa NON

Pitit mwen an gen aksè a Entènèt lakay la pou l fè devwa	WI	NON
--	-----------	------------

Otorizasyon Paran pou Elèv la Itilize Teknoloji

Antanke paran oswa gadyen yon elèv nan Distri Eskolè Hudson City, mwen te li **Politik Itilizasyon Akseptab Odinatè ak Rezo a (AUP)** e mwen konprann y ap konsève akò sa a nan dosye lekòl pitit mwen an.

(Kesyon yo ta dwe a drese a direktè lekòl la pou klarifikasyon.)

1. **Pitit mwen an ka itilize òdinatè a/rezo ansèyman an dapre règleman yo dekri nan AUP yo.**

WI
NON

2. **Pitit mwen an ka itilize entènèt la dapre règleman ki dekri nan AUP yo.**

WI
NON

Non Paran (Tanpri Ekri an lèt detache) _____

Siyati Paran: _____ Dat: _____

Akò Itilizasyon Elèv

Antanke yon Elèv Distri Eskolè Hudson City, mwen te revize **Politik Itilizasyon Akseptab Odinatè ak Rezo a (AUP)** avèk paran mwen e mwen aksepte konfòme m a règ sa yo.

Non Elèv (Tanpri Ekri an lèt detache) _____

Siyati Elèv: _____ Dat _____



UTILIZASYON ÒDINATÈ NAN ANSÈYMAN

Konsèy Pedagojik la angaje l pou optimize aprantisaj ak ansèyman elèv yo. Konsèy la konsidere lè elèv yo gen aksè a yon rezo enfòmatrik, tankou entènèt, se yon zouti edikatif ak rechèch ki pisan e ki gen anpil valè, epi li ankouraje yo itilize òdinatè ak teknoloji enfòmatrik nan salklas nan distri eskòlè a e deyò tou, selman an objektif pou fè aprantisaj ak ansèyman an avanse.

Rezo enfòmatrik la ka bay yon fowòm pou aprann divès aplikasyon lojisyèl epi, atravè baz done anliy yo, tablo a afichaj ak imèl, ka pote gwo amelyorasyon nan eksperyans edikatif la epi bay anplwaye yo ak elèv yo opòtinite pou kominike nan tout eta a, tout peyi a e menm nan tout mond lan.

Tout moun k ap itilize rezo enfòmatrik ak entènèt distri a dwe konprann itilizasyon sa a se yon privilèj, se pa yon dwa, e li mache ak kèk responsabilite jan sa mansyone nan fòmilè 4526-E Règleman Itilizasyon Akseptab òdinatè yo ak Rezo a.

Konsèy Pedagojik la te etabli règleman ki gouvène itilizasyon ak sekirite rezo enfòmatrik distri a. Tout moun k ap itilize rezo ak ekipman enfòmatrik distri a dwe konfòme yo a politik sa a epi a règleman sa yo. Si yo pa respekte règleman sa yo, sa ka lakòz yo pran sanksyon kont yo e menm sispann ak/oswa retire privilèj yo genyen pou gen aksè a òdinatè yo.

Direktè Jeneral la gen pou chwazi yon Responsab Teknoloji Edikatif pou sipèvize itilizasyon resous enfòmatrik distri a. Responsab Teknoloji Edikatif la, ansanm ak Direktè Jeneral Adjwen ki responsab amelyorasyon lekòl yo, y ap prepare pwogram fòmasyon ak pèfeksyonman anplwaye distri a nan konpetans enfòmatrik ak entegrasyon itilizasyon òdinatè nan matyè ki apwopriye yo.

Direktè Jeneral la, an kolaborasyon ak ajan ki responsab pou achte pou distri a, Responsab Teknoloji Edikatif la, Direktè Jeneral Adjwen ki responsab amelyorasyon lekòl yo epi Direktè Lekòl yo, y ap responsab pou achte lojisyèl ak materyèl enfòmatrik epi distribye yo nan lekòl ki nan distri a. Yo dwe prepare yon plan teknolojik konplè sou plizyè ane epi soumèt li bay Konsèy administrasyon an pou yo apwouve l, y ap revize li epi si sa nesèsè, swiv jan teknoloji a ap evolye ak/oswa bezwen distri a.

Remak: Politik la ajoute

Dat adopsyon:	9 jiyè 2007
Dat revizyon:	27 mas 2017
Dat revizyon:	15 jen 2021



ITILIZASYON ÒDINATÈ NAN ANSÈYMAN RÈGLEMAN

Règ ak règleman annapre yo defini itilizasyon sistèm rezo enfòmatrik distri a epi aksè elèv yo ak anplwaye yo sou entènèt.

I. *Administrasyon*

- Direktè Jeneral Lekòl yo ap chwazi yon Responsab Teknoloji Edikatif pou sipèvizè rezo enfòmatrik distri a.
- Administratè Teknoloji Edikatif la ap kontwole e analize tout aktivite sou rezo a si genyen, pou l ka garanti yo byen itilize sistèm nan.
- Responsab Teknoloji Edikatif la ap responsab pou distribye epi entèprete politik ak règleman distri a ki defini kijan pou yo itilize rezo a onivo batiman an ak tout itilizatè ki sou rezo a.
- Administratè Teknoloji Edikatif la, ansanm ak Direktè Jeneral Adjwen an ap fè fòmasyon pou anplwaye yo aprann byen itilize rezo a epi asire l pèsònèl k ap sipèvizè elèv k ap itilize rezo distri a bay elèv yo menm fòmasyon an, epi ba yo kopi politik ak règleman distri a ki defini kijan pou itilize rezo a.
- Administratè Teknoloji Edikatif la ap asire l ke tout disk ak lojisyèl yo monte sou rezo enfòmatrik la te analize pou detekte si yo gen viris.
- Tout akò ki konsène elèv yo ak fòmilè konsantman paran yo se administratè bilding nan oswa moun yo deziyen pou respekte politik ak règleman distri a
- Y ap kenbe tout akò anplwaye yo nan dosye biwo distri a pou respekte politik, règleman ak fòmilè distri a.

II. *Aksè a Entènèt*

- Distri Eskolè Hudson City ap fè tout efò posib pou bay aksè entènèt pou rezon edikatif.
- Y ap bay elèv yo yon kont imel pèsònèl e yo dwe itilize sèlman adrès imel distri a ba yo a.

Eleman annapre yo entèdi, amwenske Distri a entèdi yo:

- Li entèdi pou tout itilizatè yo itilize entènèt la pou koze pèsònèl yo, tankou pou ale sou rezo sosyo, jwe jwèt anliy, achte oswa vann kèlkeswa sa l ye a sou entènèt, konekte sou imèl pèsònèl ou epi gade videyo sou entènèt ki pa gen okenn rapò a devwa yo bay fè nan klas la.
- Elèv yo paka patisipe nan tchat anliy san sipèvizyon ki pa gen rapò ak ansèyman.
- Elèv yo pa gen dwa patisipe nan Google hangouts.
- Elèv yo pa gen dwa kreye pwòp paj wèb oswa blòg pa yo ak resous enfòmatrik distri a, amwenske gen yon pwofesè ki otorize sa nan kad pwogram eskolè a.

Pèsònèl anseyan yo dwe fè **tout sa ki posib** pou kontwole tout aktivite sa yo otan ke posib.

III. Itilizasyon ak Konduit Akseptab

- Yo bay aksè a rezo enfòmatrik distri a sèlman pou rezon edikatif ak pou fè rechèch konfòmman a misyon e objektif distri a.
- Itilize rezo enfòmatrik distri a se yon privilèj, se pa yon dwa. Si yo mal itilize l, sa ka lakoz yo sispann oswa o ka retire privilèj sa a.
- Chak moun yo bay yon kont aksè sou non li, li responsab pou l byen itilize l tout tan.
- Tout moun k ap itilize rezo a ap gen yon non itilizatè ak yon modpas. Y ap chanje modpas yo konfòmman a pwotokòl modpas Distri a.
- Tout moun k ap itilize rezo a dwe respekte règleman etikèt rezo a yo jeneralman akseptè. Sa enkli politès epi itilize yon langaj ki apwopriye. Pawòl vyolan, mo vilgè ak pawòl pou entimide moun, sa yo pa gen plas yo
- Moun k ap itilize rezo a ki idantifye yon pwoblèm sekirite sou rezo distri a dwe enfòmè pwofesè a, administratè a oswa responsab Teknoloji Edikatif la ak sèvis asistans enfòmatrik. Itilizatè a pa dwe janm transmèt oswa pataje pwoblèm nan ak yon lòt moun ki pa fonksyonè distri a, oswa amwenske gen yon administratè nan distri a ki otorize l.
- Nenpòt moun yo idantifye ki reprezante yon risk pou sekirite sou rezo a oswa ki te konn vyole prensip itilizasyon òdinatè distri a, yo ka refize l gen aksè a rezo a.

IV. Aktivite ak Itilizasyon yo Entèdi

Men yon lis aktivite ki entèdi si w ap itilize rezo enfòmatrik distri a. Vyolasyon nenpòt nan entèdiksyon sa yo ka lakòz yo pran mezi disiplinè oswa lòt sanksyon ki apwopriye, tankou sispann oswa retire aksè yon itilizatè sou rezo a.

- Itilize rezo a pou aktivite komèsyal, tankou fè piblisite.
- Vyole dwa dotè oswa lòt dwa pwopriyete entelektiyèl, tankou kopye, enstale, resevwa, transmèt oswa mete nenpòt lojisyèl ki pwoteje pa dwa dotè a dispozisyon sou rezo distri a.
- Itilize rezo a pou resevwa, voye oswa mete materyèl endesan, materyèl pònografik a dispozisyon lòt moun.
- Itilize rezo a pou resevwa, voye oswa mete mesaj ki a karaktè disikriminatwa, rasis, seksisabizif, menasan oswa ki asele lòt a dispozisyon lòt moun.
- Aksede a kont oswa modpas lòt itilizatè san otorizasyon ofisyèl.
- Eseye li, efase, kopye oswa modifye imèl adrès lòt itilizatè sistèm nan epi fè espri pou deranje lòt itilizatè sistèm nan pou yo voye ak/oswa resevwa imèl.
- Falsifye oswa eseye falsifye mesaj pa imèl.
- Fè zak vagabondaj. Yo defini vagabondaj tankou tout tantativ malveyan pou domaje oswa detwi ekipman oswa materyèl distri a, done yon lòt itilizatè sou rezo distri a oswa nenpòt lòt antite yo oswa lòt rezo ki konekte sou entènèt la. Sa gen ladan, kreye ak/oswa distribye sèvis enfòmatrik sou rezo a, e li pa limite a sa sèlman.
- Itilize rezo a pou voye mesaj oswa fichye anonim.
- Itilize rezo a pou resevwa, voye oswa mete a dispozisyon lòt moun yon mesaj ki pa konfòm ak Kòd Konduit distri a.
- Revele adrès pèsònèl, nimewo telefòn oswa lòt enfòmasyon pèsònèl yon lòt moun sof si sa antre nan kad fonksyon ou.

- Itilize rezo a pou voye ak/oswa resevwa mesaj pèsònèl.
- Deranje trafik rezo a oswa bloke rezo a ak sistèm ki konekte sou li yo. Enstale lojisyèl pèsònèl oswa itilize disk pèsònèl ou sou òdinatè ak/oswa rezo distri a san otorizasyon fonksyonè oswa anplwaye ki gen konpetans pou sa nan distri a.
- Itilize resous enfòmatrik distri a pou fè pwofi, a objektif finansye oswa pou fè fwod.
- Vòlè done, ekipman oswa pwopriyete entelektiyèl.
- Jwenn aksè oswa chèche jwenn aksè san otorizasyon a fichye, resous oswa sistèm enfòmatrik oswa telefonik oswa pirate done yon lòt itilizatè.
- Gaspiyaj resous konsomab distri a
- Itilize rezo a pandan yo sispann privilèj aksè yo oswa yo anile yo.
- Itilize rezo a yon fason ki pa konpatib a enstriksyon pwofesè yo ak lòt anplwaye yo epi ak etikèt yo jeneralman aksepté nan kesyon rezo.

V. *Yo pa Garanti Konfidansyalite*

Elèv ak Anplwaye k ap itilize rezo enfòmatrik distri a pa dwe atann yo distri a ap garanti konfidansyalite imèl la oswa nenpòt lòt itilizasyon yo fè de rezo enfòmatrik distri a, menm si yo make yon imèl "konfidansyèl" oswa "prive", distri a pa garanti sa a non plis. Distri a rezève li dwa pou antre epi gade tout materyèl ki estoke sou ekipman distri a oswa tout materyèl yo itilize an relasyon a rezo enfòmatrik distri a.

VI. *Sanksyon*

Tout moun k ap itilize rezo ak ekipman enfòmatrik distri a oblije respekte politik ak règleman distri a etabli pou jere rezo enfòmatrik distri a. Si yo pa respekte politik ak règleman sa yo, sa ka lakòz yo pran sanksyon kont yo e menm sispann ak/oswa retire privilèj yo genyen pou gen aksè a òdinatè yo.

Anplis de sa, li entèdi pou fè aktivite ilegal. Tout enfòmasyon konsènan oswa ki enplike yon aktivite ilegal, y ap siyale li bay otorite konpetan yo. Li entèdi pou fè transmisyon nenpòt materyèl ki vyole yon kèlkonk lwa federal, nasyonal ak/oswa lokal. Sa gen ladan, materyèl ki pwoteje pa dwa dotè, materyèl menasan oswa materyèl endesan, oswa materyèl ki pwoteje pa sekre komèsyal, men li pa limite a sa yo sèlman. Itilizatè yo dwe respekte tout dwa pwopriyete entelektiyèl yo ak lwa yo.

VII. *Responsablite Distri a*

Distri a pa bay okenn garanti, eksplisit oswa enplisit, pou aksè yo bay yo. Anplis de sa, distri a pa pran okenn responsablite konsènan kalite, disponiblite, presizyon, nati oswa fyabilite sèvis la ak/oswa enfòmasyon yo bay yo. Moun k ap itilize rezo enfòmatrik ak entènèt distri a itilize enfòmasyon yo a pwòp risk pa yo. Chak itilizatè responsab pou verifye entegrite ak otantisite enfòmasyon y ap itilize e y ap bay yo.

Distri a pa p responsab okenn domaj yon itilizatè ta sibi, tankou pèdi done akòz reta, livrezon ki pa fèt, livrezon ki mal fèt, oswa entèripsyon sèvis yo akòz pwòp neglijan nenpòt itilizatèa, erè oswa mankman li ta fè. Distri a pa p

responsab obligasyon finansye non otorize akòz itilizasyon oswa aksè a rezo enfòmàtik oswa entènèt distri a non plis.

Epi tou, menm si distri a ka itilize mwayen teknik oswa manyèl pou kontwole aksè a ak enfòmasyon yo, metòd sa yo pa reprezante yon mwayen ki fyab pou aplike pwovizyon politik ak règleman distri a.

Dat adopsyon: 9 jiyè 2007

Dat revizyon: 15 jen 2021

Politik Itilizasyon Akseptab pou Odiratè ak Rezo a

Distri Eskolè Hudson City (HCSD) kontan ofri elèv ak anplwaye li yo Teknoloji 21yèm syèk la, e li rekonèt lè yo itilize teknoloji a nan lekòl, sa bay elèv yo plis posibilite pou yo aprann, pou yo angaje yo, pou yo kominike epi devlope ladrès k ap prepare yo pou travay ak pou lavi.

Politik Itilizasyon Akseptab (AUP) sa a defini prensip fondamantal ak konpòtman elèv yo ak anplwaye yo dwe swiv lè y ap itilize resous teknolojik lekòl la. Itilizasyon teknoloji a egzije sèten responsablite bò kote anplwaye yo, paran yo ak elèv yo epi yo konsidere li kòm yon privilèj, se pa yon dwa. AUP sa a se yon pwomès pou respekte responsablite ki lye a itilizasyon teknoloji yo.

Teknoloji ki Kouvri

HCSD ka bay aksè entènèt, òdiratè PC, laptop oswa lòt aparèy mobil, zouti videyo konferans ak kolaborasyon anliy, tablo mesaj, imèl, ak plis ankò. Tout tan gen nouvo teknoloji k ap parèt, HCSD ap fè efò pou bay aksè a zouti sa yo. Règleman yo dekri nan dokiman sa a yo vize kouvri tout teknoloji ki disponib yo, pa sèlman sa yo site yo espesyalman.

Politik Itilizasyon

Tout teknoloji distri a bay yo, yo bay yo pou itilize nan kad edikatif. Yo envite tout elèv ak anplwaye yo itilize bon jijman epi respekte dispozisyon espesifik dokiman sa a ak tout prensip li: fè respè w, pran responsablite w, asire sekirite w epi prepare w pou aprann; pa eseye detounen mezi pwoteksyon teknolojik yo epi itilize bon sans ou.

Aksè a Entènèt

HCSD bay elèv li yo ak anplwaye li yo aksè a entènèt, kitankou a sit wèb, resous, kontni dijital, ak lòt zouti anliy. Aksè sa a ap limite konfòmman a Règlemantasyon CIPA (Child Internet Protection Act) yo epi a politik lekòl la. Yo kontwole navigasyon entènèt la epi yo ka konsève anrejistremman aktivite sou entènèt yo pou tout tan.

Elèv yo ak anplwaye yo dwe respekte lefèt ke filtè wèb la se yon mezi sekirite, yo pa dwe eseye detounen li lè y ap navige sou entènèt la. Si gen yon sit ki bloke epi yon elèv oswa anplwaye kwè li pa ta dwe bloke, itilizatè a dwe swiv pwotokòl distri a.

Sitwayènte Dijital

Elèv yo ak anplwaye yo dwe toujou itilize entènèt la, resous rezo yo ak sit anliy yo ak koutwazi epi ak respè. Elèv yo ak anplwaye yo pa dwe janm pataje enfòmasyon pèsonèl yo, tankou nimewo telefòn, adrès, nimewo sekirite sosyal, dat anivèsè yo oswa enfòmasyon finansye yo sou entènèt la *sof si sa pa nesèsè nan egzèsis travay yo oswa nan fonksyon edikatif yo*. Elèv yo dwe sonje tou pou yo pa pibliye anyen sou entènèt ke yo pa ta vle paran yo, pwofesè yo, oswa pwochen etablisman ansèyman siperyè yo oswa anplwayè yo wè. Depi yon bagay sou entènèt, li pa prive — e pafwa yo ka pataje e gaye l nan fason ou pa t janm imajine.

Aprantisaj a Distans

Pandan aprantisaj a distans lan, elèv yo dwe respekte menm règ ki tabli nan Kòd Konduit la, n ap pale de konpòtman ki entèdi yo ak sanksyon yo anvizaje yo. Sesyon aprantisaj a distans ak kontni yo pa p anrejistre kèlkeswa fason an san otorizasyon, tankou fè videyo, foto oswa kapti ekran, men li pa limite a sa yo sèlman. Sesyon aprantisaj a distans yo ak kontni yo pa p pataje sou platfòm rezo sosyo oswa lòt mwayen ki sanble a sa. Pandan yon videyo konferans oswa yon sesyon aprantisaj a distans, elèv yo pa p ka mete fon vityèl, imaj oswa lòt bagay ki vyole Kòd Konduit la.

Imèl

HCSO ka bay elèv yo ak anplwaye yo kont imèl nan objektif pou yo ka kominike ak lekòl la. Disponibilite ak itilizasyon an ka limite an fonksyon de politik lekòl la. Si yo bay elèv yo oswa anplwaye yo yon kont imèl, yo dwe itilize l avèk prekosyon. Elèv yo pa dwe voye enfòmasyon pèsònèl yo *sof si sa nesesè pou yon sèvis*; yo pa dwe eseye ouvri fichye oswa ouvri lyen ki gen orijin enkonni oswa yo pa fè konfyans; yo dwe itilize yon langaj ki apwopriye; epi yo dwe kominike ak lòt moun sèlman jan politik distri a oswa pwofesè a pèmèt sa. Yo ankouraje elèv yo ak anplwaye yo adopte menm konpòtman apwopriye a ki se sekirite, atantif epi poli ke yo anliy, ke yo pa konekte. Yo ka kontwole itilizasyon imèl la epi mete yo nan achiv.

Kontni Sosyal/Web 2.0/Kolaboratif

Lè nou rekonèt avantaj kolaborasyon an pote nan edikasyon, HCSO kapab bay elèv yo ak anplwaye yo aksè a sit wèb oswa zouti k ap fasilite kominikasyon, kolaborasyon, pataj, voye mesaj ak anpil lòt ankò. Yo ankouraje elèv yo ak anplwaye yo adopte menm konpòtman apwopriye a ki se sekirite, atantif epi poli ke yo anliy, ke yo pa konekte. Yo ka kontwole piblikasyon, chat, pataj ak mesaj yo. Kominike sou entènèt la se sinonim anonima ak lòt risk ki asosye, elèv yo ak anplwaye yo dwe pwoteje enfòmasyon pèsònèl yo ak enfòmasyon pèsònèl lòt moun. Si pandan w anliy ou ta wè yon mesaj, yon kòmantè, yon imaj ou nenpòt sa l ye a ki fè w pè pou sekirite pèsònèl ou, siyale yon granmoun sa touswit (yon pwofesè oswa nenpòt anplwaye) si w lekòl la, paran w si w ap itilize aparèy la lakay ou, oubyen si w se yon anplwaye, siyale yon sipèvizè. Elèv yo pa dwe janm aksepte pou rankontre yon moun yo rankontre sou entènèt la fas a fas.

Sekirite

Elèv yo ak anplwaye yo dwe pran mezi pwoteksyon rezonab kont transmisyon menas sekirite sou rezo lekòl la, enkli rezo san fil la. Sètadi, pa ouvri oswa distribiye fichye oswa pwogram ki enfekte epi pa ouvri oswa pwogram ki pa fyab oswa ou pa konnen orijin yo. Si w kwè yon òdinatè, yon pòtab oswa yon kle USB (djonp) w ap itilize ka gen viris, fèmen aparèy la imedyatman epi tanpri avèti sèvis asistans enfòmasyonik la. Pa eseye retire viris la pou kont ou oswa telechaje yon pwogram kèlkonk pou ede w retire viris la.

Telechaje

Elèv yo ak anplwaye yo pa dwe telechaje oswa eseye telechaje oswa ekzekite pwogram .exe sou rezo lekòl la oswa sou resous lekòl la san pèmisyon eksprès sèvis asistans enfòmasyonik la. Ou gendwa ka telechaje lòt tip de fichye, tankou imaj oswa videyo. Pou sekirite rezo nou an, telechaje fichye sa yo sèlman sou sit ki gen bon repitasyon, epi pou rezon edikatif sèlman.

Règleman Konsènan Aparèy Mobil oswa Detachab yo

HCSO ka bay elèv yo ak anplwaye yo òdinatè mobil oswa lòt ekipman pòtab pou ankouraje aprantisaj la deyò salklas la. Elèv yo ak anplwaye yo dwe respekte menm Règleman Itilizasyon Akseptab la lè y ap itilize aparèy lekòl la ke se sou rezo lekòl la oswa sou lòt rezo deyò. Yo espere elèv yo ap anplwaye yo ap trete aparèy yo al anpil pridans, se aparèy ki koute chè lekòl la konfyè w yo pou w pran swen yo. Elèv yo ak anplwaye yo dwe rapòte bay anplwaye enfòmasyonik yo touswit si yo pèdi, domaje, oswa si y ap mal fonksyone. Elèv yo ak anplwaye yo ka responsab finansyèman nepòt domaj aparèy la sibi akoz neglijan yo oswa move itilizasyon. Yo ka kontwole itilizasyon aparèy mobil lekòl la bay la lè l pa sou rezo lekòl la.

Politik Konsènan Aparèy Pèsònèl

Elèv yo ak anplwaye yo dwe kite aparèy pèsònèl yo (tankou laptop, tablèt ak Chromebook) etèn epi nan valiz yo nan lè lekòl la — sof si yo ta gen yon ijans oswa si yon pwofesè oswa yon sipèvizè ta pèmèt yo itilize l pou rezon edikatif. Pou rezon sekirite, lè y ap itilize aparèy mobil yon moun nan campus la, yo pa dwe konekte li sou rezo lekòl la

san otorizasyon ekspres anplwaye enfòmatrik yo. Nan kèk ka, yo ka bay yon rezo apa pou aparèy pèsònèl moun yo.

Plajya

Elèv yo pa dwe fè kopye kontni (oswa itilize l tankou kontni pa yo, sa yo pa site kreyatè orijinal la), tankou mo oswa imaj yo pran sou entènèt. Elèv yo pa dwe pran kredi pou bagay yo pa t kreye yo menm, ni dwe prezante tèt yo kòm otè oswa kreyatè yon bagay yo jwenn sou entènèt oswa nan yon lòt sous. Menm jan ak tout rechèch, yo dwe site v kòm sadwa pou bay otè orijinal la kredi li.

Entimidasyon sou Entènèt

Nou pa p tolere entimidasyon sou entènèt. Asèlman, denigreman, fè manti, fè tèt ou pase pou yon lòt, imite, tann pyèj, twonpe, esklizyon, ak asèlman sou entènèt, yo tout egzanp entimidasyon sou entènèt. Pa fè mechanste. Pa voye imèl oswa fè kòmantè ak entansyon pou fè yon lòt moun pè, fè l mal, oswa entimide li. Moun ki afiche jan de konpòtman sa yo, oswa patisipe nan aktivite ki fèt pou deranje yon lòt moun (fizikman oswa emosyonèlman), y ap pran sanksyon sevè kont yo e y ap pèdi privilèj yo genyen yo. **Nan** kèk ka, entimidasyon sou entènèt la kapab yon krim. Sonje y ap kontwole aktivite w yo e yo konsève yo.

Itilizasyon Akseptab Odiratè/Rezo pou Elèv yo

HCSO pa responsab pou move itilizasyon òdiratè elektwonik ak/oswa resous kominikasyon yo, vyolasyon restriksyon nan kesyon dwa otè oswa lòt lwa, erè oswa neglijan itilizatè yo, oswa depans itilizatè yo dwe fè pou kèlkeswa rezon an.

HCSO pa responsab pou asire l si laj yo egzat e yo koresponn, oswa responsab de fasilite pou itilize enfòmasyon yo jwenn sou entènèt la, rezo a oswa nenpòt lòt fason yo itilize òdiratè a ak/oswa kominikasyon elektwonik la.

Aksè a rezo enfòmatis ak/oswa sistèm kominikasyon elektwonik HCSO yo se yon privilèj, se pa yon dwa. Tout itilizatè yo dwe konfime yo resevwa règleman sa yo ki defini kijan pou itilize sistèm yo e yo konprann yo epi yo dwe angaje yo pa ekri ke y ap respekte yo. Moun ki pa respekte règleman sa yo y ap revoke aksè li oswa yo ka menm retire privilèj la e menm pran lòt sanksyon kont li. Yo pa p tolere pou mal itilize, fè vòl oswa pirataj sou rezo enfòmatis la ak/oswa sistèm kominikasyon elektwonik HCSO a.

Egzanp Itilizasyon Akseptab

M ap:

- Itilize teknoloji lekòl la pou aktivite ki gen rapò ak lekòl la.
- Kenbe non itilizatè/modpas mwen pou mwen sèl.
- Swiv menm konsiy yo pou konpòtman ak respè e responsab mwen dwe genyen anliy ak lè m pa anliy.
- Trete resous lekòl la ak anpil prekosyon, epi avèti anplwaye yo si gen pwoblèm pou fonksyone.
- Ankouraje diskisyon pozitif, konstrikatif si yo pèmèt ou itilize teknoloji kominikasyon oswa kolaborasyon.
- Avize yon pwofesè oswa lòt manm pèsònèl la si mwen wè kontni menasan, ki pa apwopriye, oswa ki danjere (imaj, mesaj, piblikasyon) anliy.
- Itilize teknoloji lekòl la nan moman ki apwopriye, nan e spas kote yo apwouve, pou rezon edikatif.
- Site sous yo lè w ap itilize sit ak resous anliy yo pou fè rechèch.
- Rekonèt itilizasyon teknoloji lekòl la se yon privilèj epi trete li kòm yon privilèj.
- Fè pridans pou asire sekirite mwen ak sekirite lòt moun.
- Ede pwoteje sekirite resous lekòl yo.

Lis sa a pa yon lis konplè. Si ou pa sèten ke yon aksyon patikilye akseptab ou pa, pale de sa ak yon granmoun, tanpri.

Egzanp Itilizasyon ki Pa Akseptab

Mwen pa p:

- Itilize teknoloji lekòl la yon fason ki ka danjere pèsònèlman oswa fizikman.
- Pataje non itilizatè/modpas mwen ak lòt moun.
- Eseye jwenn imaj oswa kontni ki pa apwopriye.
- Fè entimidasyon sou entènèt, asèlman, oswa afiche fè derespektan ak lòt moun.
- Chèche jwenn fason pou detounen mezi sekirite ak zouti filtraj lekòl la mete yo.
- Itilize teknoloji lekòl la pou voye Spam oswa chèn imèl.
- Kopye kontni mwen jwenn sou entènèt la.
- Pibliye enfòmasyon idantifikasyon pèsònèl pa mwen oswa pa lòt moun.
- Dakò pou rankontre yon moun mwen rankontre sou entènèt la fas a fas.
- Itilize langaj yo patap janm aksepté w itilize nan salklas la sou entènèt.
- Itilize teknoloji lekòl la pou aktivite ilegal oswa pou jwenn enfòmasyon sou jan de aktivite sa yo.
- Eseye pirate oswa ale sou sit, sèvè, oswa kontni ki pa pou m itilize.
- Kreye, pataje, distribye oswa vann materyèl ki seksyèlman eksplisit oswa lòt materyèl ki pa apwopriye.

Lis sa a pa yon lis konplè. Si ou pa sèten ke yon aksyon patikilye akseptab ou pa, pale de sa ak yon granmoun, tanpri.

Vyolasyon Politik Itilizasyon Akseptab sa a

Nenpòt vyolasyon ki fèt nan règleman sa yo ka gen konsekans, tankou pèdi privilèj pou itilize teknoloji yo, pa fè ase nòt, sispansyon, yo ka mete moun nan deyò, responsab pou peye yon frè ak/oswa aksyon legal.



Dr. Juliette Pennyman, Superintendent of Schools

Sondaj sou Resous Dijital pou Elèv

Ane Akademik 2024-2025

Enfòmasyon sou Elèv	
Non	
Siyati:	
Dat Nesans:	
Klas	
Enfòmasyon sou Aparèy	
Ki dispozitif pitit ou a itilize pi souvan pou fè aktivite aprantisaj li lè li pa lekòl la? (Li kapab yon dispozitif lekòl la bay oswa yon lòt dispozitif, kèlkeswa sa elèv la itilize pi souvan pou fè devwa li yo.)	
<input type="checkbox"/>	Òdinatè PC
<input type="checkbox"/>	Laptòp
<input type="checkbox"/>	Tablèt
<input type="checkbox"/>	Chromebook
<input type="checkbox"/>	Okenn
Kiyès ki bay dispozitif aprantisaj prensipal la?	
<input type="checkbox"/>	Pou mwen pèsònèl
<input type="checkbox"/>	Lekòl

Èske dispozitif aprantisaj prensipal la pataje ak yon lòt elèv nan kay la?	
<input type="checkbox"/>	Pataje
<input type="checkbox"/>	Pa Pataje

VIRE POU RANPLI PAJ 2 A

Èske dispozitif aprantisaj prensipal la sifi pou elèv ou a patisipe konplètman nan tout aktivite aprantisaj k ap fèt deyò lekòl la?	

- Wi
- Non

Enfòmasyon sou Aksè a Entènèt

Èske elèv ou a gen aksè nan entènèt nan rezidans prensipal li?

- Wi
- Non

Si genyen, kisa ki prensipal difikilte ki anpeche elèv ou a gen aksè a bon jan entènèt fyab nan rezidans li?

- Disponibilite
- Pri
- Okenn
- Lòt

Ki prensipal tip de sèvis entènèt ki genyen nan rezidans prensipal elèv ou a?

- Wo Debi Rezidansyèl
- Selilè
- Ti modèm wifi
- Satelit
- DSL
- Okenn
- Lòt

Eske elèv ou a ka fè tout aktivite aprantisaj li nan rezidans prensipal li, tankou difize videyo, telechaje devwa san pa gen entèripsyon akòz entènèt la lan oswa pèfòmans entènèt la pa bon?

- Wi
- Non